

POUKISA OTORITE FATRA SOLID LA ENPOTAN?

1. Kisa nou ka reyalize kòm yon sèl Otorite ini?

- Elaji aksè a pwogram detounman fatra.
- Dirije kijan ak ki kote fatra nou yo trete.
- Estandadize pwogram resiklaj yo pou fè li pi fasil pou rezidan ak biznis patisipe.
- Negosye ansanm pou jwenn pi bon pri sou tan.
- Planifye kapasite alontèm nan yon fason ki pi efikas.

2. Kijan Otorite a pral mete nouvo pwogram yo an aplikasyon?

Aplikasyon an ap fèt pa etap, pandan kontra minisipal pou ranmasaj ki deja egziste yo ap ekspire. Pa ane 2031, Otorite a prevwa dirije anviwon 1 milyon tòn pa ane fatra rezidansyèl, anplis volim komèsyal ki pral ajoute atravè nouvo politik, pwogram, ak sèvis.

3. Kisa k ap pase lè Plan Direktè a apwouve?

Otorite Fatra Solid la, an patenarya ak kominote manm yo, pral kòmanse devlope ak mete an aplikasyon nouvo kanpay sansibilizasyon ak pwogram detounman pou voye mwens fatra nan depo fatra epi bay rezidan yo plis pouvwa pou jere fatra yo pwodui pi byen.

4. Ki enstalasyon ki pral devlope oswa elaji?

Dapre Plan Direktè a, pa gen okenn nouvo depo fatra ni nouvo enstalasyon transfòmasyon fatra an enèji (sa vle di boule fatra ki pa resiklabl) ki planifye nan Konte Broward. Plan Direktè a ankouraje itilizasyon enstalasyon fatra ak resiklaj ki deja egziste nan konte a okòmansman, pandan li prevwa konstwi twa nouvo estasyon transfè ak uit sant depo pèmanan pou ranmase atik tankou elektwonik, fatra danjere nan kay, ak atik an gwo.

5. Kijan Otorite a pral asire kapasite eliminasyon pandan peryòd tranzisyon an?

Okòmansman, atravè kontra alontèm ak enstalasyon prive ki deja egziste. Avèk tan, Otorite a pral eksplore devlopman piblik nouvo enstalasyon, petèt sou ansyen sit endistriyèl oswa tè ki te deja kontamine (brownfields), pou asire kapasite pandan demann lan ap ogmante.

6. Ki enpòtans edikasyon piblik ak sansibilizasyon?

Sansibilizasyon piblik se yon premye etap kritik ki deja kòmanse. Yon platfòm kominikasyon konekte atravè tout konte a pral bay mesaj ki konsistan sou rediksyon fatra, resiklaj, ak pwogram òganik nan tout vil manm yo, pou diminye konfizyon epi fè patisipasyon vin pi fasil.

7. Kijan Otorite a pral rive nan objektif resiklaj 75% Eta Florid la?

Lè li mete resiklaj obligatwa pou sektè rezidansyèl ak komèsyal, devlope nouvo kapasite pou trete fatra òganik, epi lanse pwogram inovatè pou detounman fatra. Plan Direktè a mete aksan sou kolaborasyon, rapò done, ak edikasyon kontinyèl pou chanje abitud eliminasyon fatra yo epi ogmante detounman sou tan.

8. Kijan rezidan ak biznis yo ka soutni efò sa a?

- Swiv nouvo direktiv pou resiklaj ak triyaj fatra yo pandan yo ap lanse.
- Itilize pwogram depo ak pwogram òganik yo lè yo disponib.
- Sipòte òdonans lokal ki ann akò ak politik Otorite a.
- Rete enfòmè atravè platfòm kominikasyon Otorite a.